

## NYC Health + Hospitals Options

ANPLWAYE POU KONTAKTE POU JWENN ED

### BRONX

NYC Health + Hospitals/Lincoln 718-579-6414

NYC Health + Hospitals/Morrisania 718-960-2214

NYC Health + Hospitals/Belvis 718-579-1763

NYC Health + Hospitals/Jacobi 718-918-3375

NYC Health + Hospitals/North Central Bronx 718-918-3375

### BROOKLYN

NYC Health + Hospitals/Woodhull 718-630-3020

NYC Health + Hospitals/Cumberland 718-260-7742

NYC Health + Hospitals/Kings County 718-245-1323

NYC Health + Hospitals/East New York 718-240-0630

NYC Health + Hospitals/Coney Island 718-616-5024

### MANHATTAN

NYC Health + Hospitals/Harlem 212-939-8125

NYC Health + Hospitals/Renaissance 212-932-6504

NYC Health + Hospitals/Metropolitan 212-423-7990

NYC Health + Hospitals/Bellevue 212-562-6264

NYC Health + Hospitals/Gouverneur 212-238-7139

### QUEENS

NYC Health + Hospitals/Elmhurst 718-334-2565

NYC Health + Hospitals/Queens 718-883-2545

### STATEN ISLAND

NYC Health + Hospitals/Mariner's Harbor 844-NYC-4NYC

NYC Health + Hospitals/Vanderbilt 844-NYC-4NYC



NYC  
HEALTH+  
HOSPITALS

Viv byen, viv an bòn sante.

POU SWEN SANTE  
BON KALITE KI  
ABÒDAB POU  
TOUT MOUN

NYC Health + Hospitals Options

NYC  
HEALTH+  
HOSPITALS

Viv byen, viv an bòn sante.



## Ou Pa Gen Asirans Sante? Pa Enkyete W, Nou Kapab Ede W.

Ou gen dwa pou jwenn swen sante kalite siperyè. Pi bon fason pou fè swen yo pa koute chè se pou w enskri nan asirans sante. Nou ka ede eksplike chwa ki disponib pou ou, epi ede w enskri nan plan ki pi bon pou oumenm ak fanmi w. Si ou pa kalifye oswa ou pa gen mwayer pou peye pou okenn nan plan asirans sante gratis oswa bon mache ki disponib yo, ou ka kalifye pou **NYC Health + Hospitals Options** – yon plan peman gratis oswa ak rabè pou fè sèvis swen sante nou yo pa koute chè pou oumenm ak fanmi w.

### KIJAN MWEN KA KONNEN CHWA KI DISPONIB YO?

Toudabò, pale ak yon konseye finansye NYC Health + Hospitals ki ka ede oumenm ak fanmi w enskri nan asirans sante gratis oswa bon mache si ou kalifye. Konseye finansye nou yo la pou ede w chwazi nan divès kalite plan asirans sante ou ka kalifye pou jwenn. Si ou pa kalifye pou okenn plan asirans sante, ou pa gen mwayer pou peye pwoteksyon asirans, oswa ou pa gen lajan pou peye pou swen medikal, ou kapab jwenn frè medikal redui e ki pa koute chè nan pwogram NYC Health + Hospitals Options an.

Options disponib pou moun ki abite nan Vil New York oswa ki vizite Vil la. Nou ede moun ki abite nan Konte Nassau oswa ki vizite Konte a epi ki itilize lopital ak sant sante nan Queens nou yo. Nou ede tou moun ki abite nan Konte Westchester oswa ki vizite Konte a epi ki itilize lopital ak sant sante nan Bronx nou yo.

### POUKISA ASIRANS SANTE ENPÒTAN?

Pèsonn pa renmen blese oswa malad; men evènman medikal rive sanzatann. Lè w gen yon plan asirans sante, li ede w peye pou enpe nan depans sanzatann sa yo, tankou gwo bòdwo medikal ak medikaman sou preskripsiyon ki vin gen nan moman an, epi li kapab fè w gen kè poze. Nou konnen tou moun ki gen asirans sante gen plis chans pou yo pran swen preventif yomenm ak fanmi yo bezwen pou rete an sante.

NYC Health + Hospitals founi swen sante pou tout moun. Nou respekte dwa ak vi prive tout pasyan, ankontan moun ki san papye. Nou ede moun ki pa pale lang Anglè tou pou yo pale avèk doktè yo ak lòt anplwaye yo. Anplwaye nou yo pale anpil lang tankou Albanyen, Arab, Bengali, Chinwa, Franse, Kreyòl Ayisyen, Hindi, Koreyen, Polonè, Ris, Panyòl, ak Urdu. Gen sèvis entèpretasyon disponib tou. Ou kapab jwenn enfòmasyon yo nan lang pa w.

### KISA MWEN BEZWEN POU M APLIKE POU ASIRANS OSWA POUOPTIONS?

Yon anplwaye nan NYC Health + Hospitals pral mande pou w bay enfòmasyon sou kantite lajan ou touche ak gwochè fanmi w. Toudabò, n ap ede w aplike pou asirans sante piblik ak Qualified Health Plans – Medicaid, Essential Plan, Child Health Plus, EPIC (pou granmoun aje) ak ADAP (pou moun ki gen VIH/SIDA). Se yon aplikasyon ki gen sekirite epi yo pa kominike okenn enfòmasyon bay ajan imigrasyon yo.

### KISA MWEN PEYE?

Gen anpil plan asirans sante bon mache oswa gratis ki disponib. Nou kapab pale sou chwa sa yo avèk ou. Si ou pa kapab jwenn pwoteksyon asirans sante, ou peye sèlman sa ki nan mezi pòch ou. Tablo ki nan pwochen paj la montre kisa yo ka mande pou w peye nan pwogram Options an. Frè ou peye kapab ba, jouk lavalè \$0 pou yon vizit kay doktè.

### E SI MWEN RESEWVA YON BÒDWO PANDAN M AP TANN NOUVEL SOU PWOTEKSYON ASIRANS SANTE MWEN?

Si te aplike pou asirans sante, yo p ap mande pou w peye bòdwo a pandan y ap egzamine aplikasyon w lan. Si ou resewva yon bòdwo, ou dwe kontakte lopital la oswa sant sante a epi mande pou w pale ak yon konseye finansye, epi l ap ede w.

### KIJAN POU MWEN APLIKE POU ASIRANS SANTE OSWA POU OPTIONS?

Tanpri rele nenpòt nan sant swen sante nou yo ki make nan paj dèyè tiliv sa a.

## ETAP 1 :

Jwenn gwochè fanmi ou (tanpri mete tout adilt ak timoun k ap viv avèk ou).

## ETAP 2 :

Apre sa, jwenn kantite lajan ou touche nan yon ane nan youn nan nivo yo.

## ETAP 3 :

Swiv kolòn lan desann nan tablo anba a pou jwenn konbyen w ap peye selon gwochè fanmi ou ak revni ou pou vizit kay doktè, vizit nan sèvis dijans, ak sejou nan lopital.

NIVO POVRETE FEDERAL	MWENS KE 100%	101-125%		126-150%		151-200%		201-250%		251-300%		301-350%		351-400%		401+ OSWA PLIS
<b>GWOSE FANMI AN</b>	Mwens ke	Plis ke	Mwens ke	Plis ke	Mwens ke	Plis ke	Mwens ke	Plis ke	Mwens ke	Plis ke	Mwens ke	Plis ke	Mwens ke	Plis ke	Mwens ke	Plis ke
1	\$12,490	\$12,491	\$15,613	\$15,614	\$18,735	\$18,736	\$24,980	\$24,981	\$31,225	\$31,226	\$37,470	\$37,471	\$43,715	\$43,716	\$49,960	\$49,961
2	\$16,910	\$16,911	\$21,138	\$21,139	\$25,365	\$25,366	\$33,820	\$33,821	\$42,275	\$42,276	\$50,730	\$50,731	\$59,185	\$59,186	\$67,640	\$67,641
3	\$21,330	\$21,331	\$26,663	\$26,664	\$31,995	\$31,996	\$42,660	\$42,661	\$53,325	\$53,326	\$63,990	\$63,991	\$74,655	\$74,656	\$85,320	\$85,321
4	\$25,750	\$25,751	\$32,188	\$32,189	\$38,625	\$38,626	\$51,500	\$51,501	\$64,375	\$64,376	\$77,250	\$77,251	\$90,125	\$90,126	\$103,000	\$103,001
5	\$30,170	\$30,171	\$37,713	\$37,714	\$45,225	\$45,256	\$60,340	\$60,341	\$75,425	\$75,426	\$90,510	\$90,511	\$105,595	\$105,596	\$120,680	\$120,681
6	\$34,590	\$34,591	\$43,238	\$43,239	\$51,885	\$51,886	\$69,180	\$69,181	\$86,475	\$86,476	\$103,770	\$103,771	\$121,065	\$121,066	\$138,360	\$138,361
7	\$39,010	\$39,011	\$48,763	\$48,764	\$58,515	\$58,516	\$78,020	\$78,021	\$97,525	\$97,526	\$117,030	\$117,031	\$136,535	\$136,536	\$156,040	\$156,041
Vizit nan klinik pou adilt	\$0	\$2		\$3		\$20		\$30		\$40		\$50		\$50		Frè konplè
Vizit nan klinik pou timoun oswa fanm ansent	\$0	\$0		\$0		\$20		\$30		\$40		\$50		\$50		Frè konplè
Vizit nan klinik sante konpòtmental	\$0	\$0		\$0		\$15		\$30		\$40		\$50		\$50		Frè konplè
Vizit sèvis dijans pou adilt	\$0	\$3		\$3		\$75		\$80		\$100		\$120		\$120		Frè konplè
Vizit sèvis dijans pou timoun oswa fanm ansent	\$0	\$0		\$0		\$75		\$80		\$100		\$120		\$120		Frè konplè
Kopeman ak franchiz pasyan	\$0	\$0		\$0		\$0		\$10		\$12		\$18		\$22		Kopeman ak franchiz konplè
Medikaman sou preskripsiyon (frè pou chak preskripsiyon*)	\$2	\$2		\$2		\$6		\$10		\$14		\$18		\$18		Frè reyèl plis \$6
Operasyon san entène oswa tès MRI	\$0	\$15		\$25		\$150		\$300		\$450		\$550		\$650		Frè konplè
Sejou Lopital Pasyan Entène**	\$0	\$25		\$25		\$150		\$400		\$900		\$1 500		\$1 500		Medicaid DRG

\*y ap redui plis si frè a piplis pase pri pou medikaman oswa sèvis yo

\*\*Y ap fè peye yon lot 2% sou ekonomi ki plis pase \$8,000